ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№77 (22.985) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Спортсмен ныбжьыщIэхэм йохъуэхъу

**Мы гъэм ялэ дыдэу Налшык къалэм щекIуэкIащ спорт зэхьэзэхуэ ин - «Локобаскет - школакIуэхэм я лигэ» урысейпсо турнирыр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и спортсмен ныбжьыщIэхэм етIуанэ увыпIэр къыщахьащ. Зэхьэзэхуэм хэта еджакIуэхэм я нэхъыбэр къалэм и курыт школ №4-м зэрыщыщым къыхэкIыу ди командзр щагъэлъэпIари а Іуэхущ1апIэрщ.**

СПОРТСМЕНХЭМ, гъэсакIуэхэм, турнирым хэлэжьыхьа адрей цIыхухэм къадэкIуэу, гуфIэгъуэ зэхьихьэм кърихьэлIащ хьэщIэ лъапIэхэр - КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КЪБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Къардэн Мурат, Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI Бгъэжьокъуэ Зурият, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ сымэ.

Законхэр къыдэзыгъэкI органым и депутатхэм я цIыкIэ Егоровэ Татьянэ сабийхэм ехъулIэныгъэ ин къызэрахьамкIэ ехъуэхъуащ. «Фэ зэфIэкIышхэ къэвгъэлъэгъуащ. Командзм и ехъулIэныгъэр зэлъытар абы хэтхэм я зэгурыIуэныгъэрщ, зэдэIэпыкъуныгъэрщ. Иужь дыдэу евгъэкIуэкIа зэIущIэм фыщытемыкIуэфами, адэкIэ фи зэфIэкIым зэрыхэвгъэхъуэнум шэч кьытехьэркъым», - жиIащ абы.

Егоровэ Татьянэ апхуэдэу адэанэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ фыщIэ яхуищIащ сабийхэм зэрадэIэпыкъуам, ахэр ехъулIэныгъэхэм зэрыхуаунэтIам папщIэ. Хэхауэ абы псалъэ гуапэхэр хужиIащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер, Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и отличник Къумыкъу Риммэ. Ар илъэс плIыщым щIигъуауэ мы Іэнатlэм пэрытщ икIи баскетбол джэгуным сабий куэд дригъэхьэхащ. Егоровэ Татьянэ гъэсакIуэ цIэрыIуэм иритащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФIыщIэ тхьилъыр.

Къумыкъу Риммэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ мы зэхьэзэхуэ цIэрыIуэр Налшык щрагъэкIуэкIын папщIэ Олимп чемпион Къардэн Мурат куэд зэрилажьар.

Апхуэдэу гуфIэгъуэ зэхьихьэм ди спортсмен ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр щыжиаIащ Къардэн Мурат, Жанатаев Сэлим, КЪБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Двуреченский Анатолий, Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Ульбашев Исламбий, КЪБР-м Баскетболымкlэ и федерацэм и унафэщI Къумыкъу Аслъэнджэрий сымэ.

Гимназие №14-м и унафэщI, КЪБР-м и Парламентым и депутат Хьэ Риммэ къеджащ ди спортсмен ныбжьыщIэхэм ахьшэ сауГэтхэр етыным теухуауэ школым и Попечительскэ советым къищта унафэм. ДызыхуэкIуэ еджэгъуэщIэм гимназие №94-м къыщыдзэIуахынущ баскетболым щыхуагъасэ класс щхьэхуэ.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апIэ.***

● Хъыбарыф1

# Мылъку хухах

**Налшык Абхъазым и цIэр зезыхьэ и утыкум мэлыжьыхьым и 21-м щагъэлъэгъуащ «Русские Автобусы-Группа ГАЗ» компанием щызэпкъраIуэ ПАЗ-320302-11, ПАЗ-320412-10, КАВЗ-1238-71, ЛиАЗ-529271 автобус лIэужьыгъуэхэр.**

Къудей Арсен автобусыр игу ирохь

«Рус Авто Пром» ЗАО-м и унафэщI Городецкий Виктор техникэщIэм иIэ ефIэкIыныгъэхэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ. Абы къыхэригъэлъэгъуамкIэ, автобус псори метан газ къузакIэ мэлажьэ. Дэтхэнэри къалэ кIуэцIым, къалэ щIыбыбмрэ къалэ зэхуакуэмрэ къыщагъэсэбэп хъунущ. Адрейхэм елъытауэ, гъэсыныпхъэу ягъэкIуэцIыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Псалъэм папщIэ, ПАЗ-320412-10 автобус лIэужьыгъуэм зэ игъэхъуэгъуэм къалэ кIуэцIым километр 200 - 250-рэ, къалэ зэхуакум километр 350-м нэблагъэ щрегъэкIу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зэ газ игъэхъуэгъуэм и уасэр дизель гъэсыныпхъэм хуэзэм нэхърэ хуэди 2-2,5-кIэ нэхъ мащIэщ.

- «Рус Авто Пром» акционер обществэ зэхуэщIам Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэхэмрэ Кърым Республикэмрэ дэлэл къалэнэхэр щегъэзащIэ икIи, абы тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ связыжькIэ и къурал комитетымрэ и жэрдэмкIэ, мы гъэпсэгъэныгъэр фи деж къыщыхэтлъхьащ. Мыр автобусхэм я презентацэ къудейкъым, атIэ нэгъуэщI Іуэхуищ1апIэмрэ Іуэхуищ1апIэмрэ. Апхуэдэущ «ПсэупIэ-коммуналынэ хозяйствэм папщIэ газкIэ лажьэ автобусхэмрэ техникэрэ къэзыщIэхуэхэм субсидие яхуэхьыным и Іуэхукlэ» мазэ кIуам и 17-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №242-м и купщIэ нэхъыщхьэр щIыпIэхэм эIуцIыIу щыщIым зэрыхуейр. Ар нэхъыбэу зыхуэгъэзар я уней транспорткIэ цIыхухэр къезышэкIхэрщ. УФ-м и Правительствэм и 230-нэ унафэм ипкъ иткIэ, иджы апхуэдэжьм мылъку хухахынущ, абы папщIэ газкIэ лажьэ автобусхэр къэзыщIэхуэхэм ираты субсидиехэр къралым и бюджетым щагъэбелджылы, - къыхигъэщащ Городецкий Виктор.

Апхуэдэу Ипщэ федеральнэ округым автобусхэр щызыщIэ Іуэхущ1апIэмрэ Рус Авто Пром лизинг компаниемрэ я унафэщIхэу Чернобровкин Дмитрийрэ Городецкий Игоррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм я лъэIукIэ къызэдаша КАВЗ-42-38-71 автобус лIэужьыгъуэр зыхуэдэр, и шыфэлIыфэр, и къэгъэсэбэпыкIэр зэпкъраIахащ, цIыхуи 112-м хуэщIа ЛИАЗ-529271 автобусым зи Іэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэм щагъэуэтыну тыншыпIэхэм тепсэлъыхьащ.

Гъэпсэгъэныгъэм еплъащ КЪБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къурал комитетым и унафэщI Къудей Арсен, абы и къуэдзэхэр, а Іэнатlэм и къудамэхэм я нэхъыжьхэр, къалэм, районхэм я автопредприятэхэм я Іэтащхьэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**
*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

# ТекIуэныгъэм и мэз

**Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу ирагъэжьа «ТекIуэныгъэм и мэз» лэжьыгъэм хиубыдэу Урысей Федерацэм и щIыналъэу 57-м жыг мелуанхэр щыхасэ. А Іуэхум иджыблагъэ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ. Абыхэм щэбэт щIыхьэху къызэрагъэпэщри, Налшык псым и Іуфэм псей 30 щыхасащ.**

Егоровэ Татьянэ.

- ЩЭБЭТ щIыхьэхухэр ди къэралым щызэтеува хабзэ нэхъыфIхэм яящIущ. Сытым дежи цIыхум и лъэр хуэжанщ щалъхуа къалэм, республикэм хуэлэжьэным. «ТекIуэныгъэм и мэз» лэжьыгъэр къэрал псом иджыпсту щокIуэкI икIи дэри абы дыхэтыну мурад тщIащ. Сыт щыгъуи апхуэдэ махуэхэм дэ тхухаха щIыпIэр зэлъыудох, зэIуэпэщ дощI, ауэ абы къыдэкIуэу нобэ жыгхэри хэтсащ. Абыкlэ дэ къэдгъэлъэгъуэну ди мурадщ дуней псом нэхъ къыщыхъуа зауэ гуащIэ дыдэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр зэи зэрытщымыгъупщэнур, - жиIащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

Жыгхэр хэсэн яуха нэужь парламентархэм къагъэкъабзащ псы Іуфэм хиубыдэу езыхэм егъэбыдыпIа щIыналъэу гектар 35-м нэблагъэр. А лэжьыгъэм цIыху 80-м щIигъу хэтащ.

**УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.**

# КIэдетхэм ветеранхэр ягъэлъапIэ

**Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щекIуэкIащ республикэм и кIэдет школхэм щеджэхэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ тылым и лэжьакIуэхэмрэ щагъэлъэпIа зэхьихьэ. Абы хэтащ Бахъсэн район администрацэм и унафэщI Сыжажэ Хьэсэн, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщI Къуэжей Артем, КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI Пащты Борис, генерал Беппаев Суфян, министерствэхэм я лэжьакIуэхэр, къуажэдэсхэр, кIэдетхэм я адэ-анэхэр.**

ХЪЫЗЭХУЭСАХЭМ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр траЛъхьащ, дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. ИужькIэ кIэдетхэм школ пщIантIэм щагъэлъэгуащ зызыхуагъэсахэр. ТекIуэныгъэм и эстафетэр ветеранхэм ираташ кIэдетхэм. 115-нэ шуудзэм щызэуа **Къанщауэ Мусэбий** «ТекIуэныгъэм и Бэракъым» тращIыкIа копиер кIэдет **Балиев Расул** Іэщ1ипъхьащ.

- Нобэ дыщызэхуэсащ хэкупсэ нэсхэр, лIы хахуэ хъунухэр щагъасэ кIэдет школым. Мы зэманым Хэкум къулыкъу хуэпщIэным, абы укъыщхьэщыжу зыбгъэсэным щIэблэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Абы къыхэкIыуи, мы Іуэхур щхьэпэщ, - жиIащ КЪБР-м Ветеранхэм я советым и унафэщI **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд**.

Сыжажэ Хьэсэн къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъумкIэ, ветеранхэм псалъэ гуапэ яжриIащ. Абы къыхигъэщащ Хэкум и хъумакIуэ нэсхэр гъэкъэзырыныжьмкIэ кIэдет школхэр щIэдзапIэ зэрыхъур.

Къуэжей Артем ныбжьыщIэхэм яжриIащ къэралым и цIыхухэм ТекIуэныгъэм уасэшхуэ зэрыщIатар зыщамыгъэгъупщэну.

**АБАЗЭ Лерэ.**

# Зауэм теухуа кинохэм феплъ

**Мэлыжьыхьым и 23-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 9 пщIондэ Хэку зауэшхуэм теухуа кинофестиваль Налшык щекIуэкIынущ.**

ДИ ЦIЫХУХЭМ зэрахьа лIыхъужьыгъэм, зауэм зэтрикъуа цIыху гъащIэхэм, зауэлIхэм хэкум хуаIа лъагъуныгъэм теухуа фильмхэр Абхъазым и утым щагъэувыну киномобилымкIэ ягъэлъэгъуэнущи, дэтхэнэри а кинохэм пщIэншэу еплъыфынущ. Апхуэдэуи абы хьэщIэ лъапIэхэр - Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр - къарагъэблэгъэну я мурадщ.

Кинофильмхэр махуэ къэс сыхьэт 17.00-м щIидзэу екIуэкIынущ.

Іуэхур жэрдэм ящIу къызэзыгъэпэщащ КЪБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ «Киновидеоучреждение» къэрал кIэзонэ Іуэхущ1апIэмрэщ.

***КЪБР-м Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апIэ.***

● Узыншагъэ

## Сымаджэм узэрыдэIэпыкъуну щIыкIэр пщIэну ухуеймэ

Сымаджэр уз хьэлъэм къегъэлыныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ абы япэу игъэут дэIэпыкъуныгъэм, ауэ сэбэп узэрыхуэхъуну щIыкIэри пщIэн хуейщ. Щытыкlэ гугъум кьихуэта сымаджэм дохутырыр къэмыс щIыкIэ дэIэпыкъуэгъу узэрыхуэхъуным теухуа дерсхэр мэлыжьыхьым и 25-м сыхьэти 10-м щIидзэу щекIуэкIынущ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и Онкологие диспансерым.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIынущ реаниматолог-анестезиолог Курданов Магамед. Іуэхум гупыж хэзиIэ псори абы ирагъэблагъэ.

***КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апIэ.***

## Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
**8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 23,** *махуэку*

**♦Тхьилъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**
**♦Инджылызыбзэм и махуэщ**
**♦Израилым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**
**♦Тыркум щыпсэу сабийхэм я махуэщ**
**♦Испаниемрэ щагъэлъапIэ зэгуэкIуахэм я махуэр**

♦1836 гъэм дунейм къытехьащ Пушкиным къыдигъэкI «Современник» журналым и япэ томыр.

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Тыркум и Лъэпкъ зэхуэсыгъуэр (парламентыр).

♦1943 гъэм СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз хозяйствэр зэфIэгъэувэжьыным теухуа унафэ кьищтащ, сом мелуан 11-м щIигъуи республикэм кьыхуиутIыпщащ.

♦1564 гъэм къалъхуащ инджылыз драматург цIэрыIуэ **Шекспир Уильям**. 1616 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м ар дунейм ехьжащ.

♦КЪБР-м и цIыхубз тхакIуэ **Теунэ Хьэчим** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжныгъэмкIэ и министру щыта, Абхъазым и ЛIы-хъужь **Соснаты Сулътан** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ1э **Шыкъ Борэн** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 3 - 5 щыхьэнущ.

**Мэлыжьыхьым и 24,** *мэрем*

**♦Щ1алэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**
**♦Ермэлыхэм лъэпкъгъэкIуэд залымыгъэ щыкIэлъызэрахьам хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
**♦Лабораторэхэм къыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
**♦США-м щагъэлъапIэ жыг хэсэным и махуэр**

♦Адыгэхэм я кьекIуэкIыкIар зыджа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, КЪБР-ми Ингуш Республикэми щыхъ зиIэ я артисткэ **Даур Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 6 - 10 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым.**

● ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

# ЛІыфІ унагъуэфІ хуэщщ

**Къаншыуей (Курп Ищхъэрэ) жылэм къыдэкІауэ зауэ Іэнатіэм Іухьат цІыху 348-рэ. Абыхэм ящыщу 278-м я щхьэр згъэтІылъащ лъахэм и щхьэхуитныгъэм щІэбэну. Зи унэ къэзыгъэзэжар цІыху 70 къудейрщ.**

ЛІЫГЪЭ зэрахьэу Хэку зауэшхуэм хэта къаншыуейдэсхэм ящыщ 18-р офицерт. Апхуэдэу я цІэ кІыІуапхъэщ батальоным и командир, капитан, Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зыхуагъэфэщауэ Губыр Назирріэ Вагъуэ Плъыжь, Ленин орденхэр зрата Дудар Хьэжпагуэрэ (Константин). Зи хэку зыхъумэжа нэгъуэщІ куэдми кІыхуагъэфэщащ «Хэку зауэшхуэм ЛІыгъэ зэрыщІэзрахьам папщІэ» медалыр. Зыми ящыгъупщэрхьым Курп льагапІэхэм я Іэгъуэблагъэм щекІуэкІауэ щыта зауэр. Абы щыгъуэм бийм и топышэм къуажэдэс 24-рэ иукІат, и нэхъыбапІэр сабийрэ лІыжьу...

Зи гугъу адэкІэ фхуэтщІыну лІыхъужьыр нобэ къытхэтыжкъым, ауэ и гъэзугаэм мытыншыр дигу къэдгъэкІыжыну хуэфащщ. ЗэкъуэшитІ-рэ зэшыпхъуищэрэ хьу мэкъумэшыщІэ унагъуэм къыхэкІат КІэрашэ Хьэжпагуэ Мурид и кІуэр. Зи адэр пасэу зыфІэкІуэда бынунагъэшхуэм я гуащІэр я гъащІэу къэтэджыгъ. Дауэхан быным я нэхъыжьат, абы Хьэзиритрэ Хьэтхъанрэ кІэлъыкІуэрт, Хьэжпагуэ епланэ бынт, я шыпхъу нэхъыщІэ дыдэр Лиуззат. Дэтхэнэ къуажэдэсми хуэдэу, абыхэм щІы зэрахъэу, Іэщ зэрахуэу псэурт. ІэщІыбэ ящІыртэкъым ефжэнри. Хьэжпагуэ и хьэтІ дахэр, щыуагъэншэу тхэуэ зэрыщытар уебгъэмэ къыщІэхъуэ и быным ящІэж. Хьэжпагуэ курыт ефжанІэм и классибыр кІыухат, щІэныгъэм и гур хуэзІухати, нэхъыбжэм зригъэхъулІэнкІи хъунт, зауэр гъуэжькуийуэ къыкъэмыуамэ.

1942 гъэм бийр Кавказым пэгъунэгъу дыдэ хъуат. Арати, си ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа КІэрашэ Хьэжпагуэ, адрей щІалэ хахуэхэми хуэдэу, зауэм дэкІаш. Ар занщІэу 211-нэ фочуэ полкым хагъэхьащ икІи си мазэ хуэдэкІэ ягъэса рядовой КІэрашэр топгъауэ мэхъу. Ялъу бийм щыпэщІэуэвар Краснодар крайм хыхьэ Усть-Лабинск дежщ. Илъэс дэкІаущ, а щІыпІэ дыдэр щхьэхуит къащащІыжми Хьэжпагуэ лІыгъэ къигъэлъэгъуащ, 85-нэ гвардие фочуэр дзэм хэту. 1943 гъэм и жэпуэгъуэм ар уІэгъэ хъуащ. МазитІым и кІуэцкІэ зигъэхъужа нэужь, зауэлІыр 189-нэ фочуэ полкым хохьэ, итІанэ 431-нэ батальон щхьэхуэм ираджэ. Иужьрейм хэту 1945 гъэм и гъатхэпэ пщІондэ зэрыпхъуакІуэхэм ар ялъэІэтщ. А гъатхэпэм щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэр иухыжкІэ Хьэжпагуэ топгъауэ Іэзэу 149-нэ, иужькІэ 244-нэ гвардие фочуэ гупхэм я хэтащ.

КІэрашэ Хьэжпагуэ и зауэ гъэзугаэм щытепсэлъыхьыж тхылъэм къахощ лІыгъэ хэлъу абы щІы, губгъуэ, псы мымащІэ зэрызэпичар. Усть-Лабинскым къыщыщІэдзауэ Берлин нэс кІуэрт а гъэзугаэр. Хьэжпагуэ яхэтащ Белоруссиер, Польшэр, абы и щыхьэр Варшавэ хуит къэзыщІыжахэм. Апхуэдэуи Одер псым зэпрыкІащ, хагъэщІа Германием ТекІуэныгъэ Иныр лІыхъужьым къыщригъэхьащ. И лІыгъэм папщІэ КІэрашэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр, «ЗауэлІым и щІыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, «Берлин къызэращтам папщІэ», «Германием зэрытекІуам папщІэ» медалхэр.

Зауэм къикІыжа Хьэжпагуэ зиІэпсэжнуи хущІыхьакъым.

ЯлъэщІыкІэ КІэрашэр «Гъубжэрэ уадэрэ» колхозым хэтащ, итІанэ «Курп» совхозым щылэжьащ. Жылэдэс нэхъыжьхэм зэрыжаІэжымкІэ, Хьэжпагуэ и лэжьыгъэ къалэным къыдэкІуэу унагъуэ нэхъ хуэмыщІагъэхэм, зи адэ зыщхьэщыкІыгъэ быннэхэм хуэзэфІэкІымкІэ защІигъэкъуащ: ар гъавэ ирехъу, пхъэщхьэмыщхьэу щрырет. ПхъэщхьэмыщхьэкІэ хадэр абы езым иІэт, егуГуу ар зэрихьэрт. МыІэрысэ, кхъужьІэрысэ, пхъэгуІэ - сыт хуэдэ пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуи абы кърихьэлІэжырт.

КІэрашэм унагъуэ щищІар 1948 гъэрщ. Абы щхьэгъуэрэ хуэхъуат бынэгъу дыдэ хъуат. Арати, си ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа КІэрашэ Хьэжпагуэ, адрей щІалэ хахуэхэми хуэдэу, зауэм дэкІаш. Ар занщІэу 211-нэ фочуэ полкым хагъэхьащ икІи си мазэ хуэдэкІэ ягъэса рядовой КІэрашэр топгъауэ мэхъу. Ялъу бийм щыпэщІэуэвар Краснодар крайм хыхьэ Усть-Лабинск дежщ. Илъэс дэкІаущ, а щІыпІэ дыдэр щхьэхуит къащащІыжми Хьэжпагуэ лІыгъэ къигъэлъэгъуащ, 85-нэ гвардие фочуэр дзэм

КІэрашэ Хьэжпагуэ

Абы къыхэкІкІэ нэхъыжьхэм ящІэж псэунэгъэм теухуауэ колхоз-совхозхэм а зэманым мыхъэнэ яІар зыхуэдизыр. ИтІани, ди адэм и гур щІэныгъэм хуэкъабзэти, быныр емра фІымрэ зэхэтщыкІ дыззрыхьурэ ди тхьэкІумэм зэи иригъэкІакъым еджэным сэбэпу пылъымрэ хабзэм тетыным и фІагъэхэмрэ. «Феджэ. ЩІэныгъэр акъылыфІагъым и нэщэнэщ. ИпэкІэ укІуэтэн щхьэкІэ абы Іэмал имыІэу ухуэйщ», - жиІэрт абы зэпымыууэ. Езыр икъукІэ гурыхуэт, куэдым ухуиущифырт, и гупсысэр занщІэу Іуэхур зэрыщытын хуейм хуэкІуэрт. НэгъуэщІ зы хьэлыфІми абы дыхуигъэсащ: ар зи гуащІэкІэ лэжьэж цІыхум гъэпцІагъэкІэ лей едмыхьныр».

Адыгэ унагъуэ дахэм нэхъ хъуэпсэгъуэ щыІэу къыщІыкІынкъым. Гугъуехьи гуэвэгъуэи зэгуэр ухэхуэнкІэ хъунщ, ауэ сытым дежи и напэр кьабзэу, и щыхьыр лъагэу абы къыхэкІыф унагъуэрщ фІыщІэр зыхуэфащэр.

ГъащІэм цІыхуэр игъэунэхуу аращ сэ къыззэрызгурыІуэр, а гупсысэм ухуоКІуэ унагъуэ щхьэхуэ гуэрхэм я дунейм щыгъуазэ зыщщипщІкІэ. КІэрашэ Хьэжпагуэ лъэкІащ езыр зытета гъуэгу захуэм и унагъуэри тришэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Гулъытэм хохъуэ

**Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 щрикъум и щыхькІэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм Іуэху зыбжанэ щокІуэкІ.**

Зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу щІыналъэм и къуажэ псоми дэтыр мэлыжьыхьым и 15-м щегъэжьауэ щэбэт щІыхьэху ящІырэ зэрагъэпэщыжнущ. ЩІыналъэ administрацэм щІалэгъуала политикэмкІэ и къудамэм щылажьхээмрэ псапащІэхэмрэ Іуэхур щаублэнущ ди къэралым и фэеплъхэм я нэхъ лъагэ дыдэр зытет Іуащхьэмахуэ бгым.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и псапащІэу щэм Тырныауэ и уэрамхэм ТекІуэныгъэм и дамыгъэхэр щагуэшын щІадзэнущ пщдей.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм дэс щІалэгъуалэм «ТекІуэныгъэм и аллее» Іуэхум хэту Тырныауэ и жыг хадэм жыгищэ щыхасэнущ. Пхъэхуей, блашэ жыгыщІэ щыкІуэхэр «Эльбрусский лесхоз»-м къаритынущ. А Іуэхум хэтынущ еджапІэхэм, Іуэхущ щапІэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр.

Мэлыжьыхьым и 27-м «ТекІуэныгъэм и письмо» Іуэху гъэщІэгъуэн курыт еджапІэ псоми щекІуэкІынущ-школакІуэ щыкІуэхэм блэкІам зыгъэзэж письмо ятхынущ. Ар хуагъэхьынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абыхэм я благъэ-Іыхьлыхэм. А махуэ дыдэм «Ветеранхэр гукІэ жьы хъуркъым» концертыр Щэнхабзэмкіэ унэу Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэм щекІуэкІынущ КЪР-м и артист пажэжр хэту. Концертым кьыхах ахъшэр Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыпсэу ветеранхэм иратыну я мурадщ. ТекІуэныгъэм и махуэхэм ирихьэлІэу псапащІэхэр ветеранхэм я унэхэм кІуэурэ екъуэхъуныщ, саугъэтхэр иратынущ, хуей хъумэ, унагъуэм дэІэпыкъунущ.

**ТАРИМ Алисэ.**

**Нэмыщ зэшпхъуакІуэхэр ди къэралым къыщытеуам, зеикъуэдэс щІалэ миныр щІигъу зылІ и быну бийм ятпэщІэувати, я нэхъыбэм къагъэзэжакъым, ди щхьэхуитныгъэм я псэр щІатащ. Зи насып къихьу мафІэ лыгъэм кьелахэм ящыщщ Іуныджышхуэ иІэу, и пщІэр иІыгъыжу гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэшхуэ къуажэм щезыгъэкІуэкІа Шафий Хьэчим. Сэ срогушхуэ абы сыэзриригъэджам, иужькІэ сызэрыщІэзэжьам, и дерс Іуащхэм сызэрыщІэдзІуам. Хэку зауэшхуэм къыщихьа къэрал дамыгъэ лъапІэхэм бжьыфІэ щІэхъукІ цІыху губзыгъэт Хьэчим, унафэщІ Іэзэт. Ар зи тхьэмадэ курыт еджапІэ №25-м «Хьэчим и школкІэ» еджэрт.**

СИ НЭГУ щІэкІа мы Іуэхур куэдрэ сигу кІэкІыж. Районым и Іэтащхьэ ди школым къэкІуат. Абы щыгъуэ секретару сылажьэрт. Хьэчим урок иІэу кІрихьэлІати: «Фи унафэщІым къыслухуедж»-, жеІэри сегъакІуэ. «Сабийхэм садолажьэ, дерс тынкІэ зэфІэкІыкъу къыспрепльэ», - идакъым классым къыщІэкІын. «ХьэщІэр» къысщІогубжьэ, сегъагъри, аргуэру Шафийм деж сеху. «Урокыр нэхъапэщ», - жеІэри ар нимыгъэсауэ и пэшым къыхуэІуэжакъым. КъызэрыщІыхьэжуи «Хьэджжбэ лажьэншэр бгъэпыхьащ», - жиІэри, районом и унафэщІым ехъурджэуащ.

Апхуэдэу фІыкІэ сигу къокІыж ди гъунэгъу урыс бзылъхугъэ, адыгэ нысэ Мэрэшэкъул Фена. И адэмрэ и дэлъхумрэ зауэм яша нэужь, езыри дзэм ираджэри, кьухьылъэхуэхэм я пщафІэу фронтым щылажьащ. Гугъуехь куэд зэрыхэтар щІэх-щІэхьурэ къиІуэтэжырт. И кІэнэ ильэгъуауэ жиІэжырт нэмыцэхэр щыпщафІэ хьэкум цІыху сахуэ ильауэ... Зауэ нэужьым зыхьыха адыгэ лъэпкъымрэ унагъуэмрэ фІыуэ ильагъурт. И щхьэгъусэмрэ абыя бынищ зэдапІащ, псори щхьэхуэу ягъэтІысыжащ, щІэблэ хъарзынэ къатепщІыкІыжащ. ЦІыхубз гуащІафІэт, вэгъьэгъэт. ПщІэшхуэ иІэу, нэмыс хэлъу дунейм тетащи, Тхьэм жэнэткІэ игъэгуфІэ!

Гугъуехь куэд ягъэвами, зи насып къихьу къэзыгъэззэкахэм ґъащІэ ильагъужащ, мащІэми куэдми, къэралым и гулъытэ ильэІэсащ, абыхэм зэрахьа лІыгъэмрэ кьагъэльэгъуа хахуагъэмрэ тщыгъупщэркъым. Ещхьыркъабзэу, зэкІуэдахэм я фэеплъри тфІэльапІэщ.

ЗэуапІэ губгъуэм зи псэр щызытахэм ящыщщ си адэшхуэ Щоджжн Хьэнеиф ра абы и къуэш Лалэрэ. ТІури Жанхъуэтекъуэ дэст. Си анэм куэдрэ игу кьигъэкІыжырт си адэшхуэр зауэм щагъэм я унащхьэр ныкъуэтелъхьэу ськнауэ зэрыщытар. И щхьэфэм Іэ кьызэрыдилъар гугъу дыдэу кьызэригубзыгъыжри кьыджилІэжырт. Абы щыгъуэ си анэр илъэсих ныбжьым итуарат. Си анэшхуэ Зуззэ мазэ псом колхоз губгъуэм щылажьэрт, жэщым сабиищым ятеугбчат. Ильэсхэр блэкІырт, си анэри кьыдэкІуэтейрт, иджы ар ЛэшкІутІэрэ Хьэикъуэрэ нэс псыхьэ кІуафэрт...

Апхуэдэурэ здекІуэкІым, зэкъуэшитІым я хъыбар гуауэ кьэІуат. Зи цІэ ину жамыІэр письмо «къуапищыр» Зуэи и ныдсэгъу Хьэбыци кьахуэкІуат. Сыт я Іэмалт - я бгыр нэхъри щІакъуэзри, я бынхэр зэрапІыжынум я гур хуагъэтІылъащ. И къуитІым я хъыбар гуауэр зыльІэсса анэ тхьэмыщкІэр - Зуэзрэ Хьэбыцэрэ я гуащэр - гьыбзэ игъэшурэ нэф хъуат.

ТекІуэныгъэ Иным и ильэс 70-р кьэблэгъэху, си анэ Кьалэ кьытхуиІуэтэжу щытахэр щІэрыщІэу гущІэм кьыщызэщІорыуэж икІи срегъэгупсыс: ярэби, сыту бэшэч мы цІыхур, сытуи куэд и фэм дэхуэрэ! А псор щызэпэтшэчкІэ, Хэку зауэшхуэм си псэр щызытахэм я фэеплъыр нэхъ нэху, нэхъ льапІэ хъууэ кьытфІощІ, мафІэ лыгъэм кьелу кьэзыгъэззэкахэм, жэщи-махуи фронтым хуэлэжьахэм щІэ ятьыдогъэс икІи быдэу жыдоІэ: иремыджэгу хэти зауэкІэ, апхуэдэ гуэвэгъуэм Тхьэм ди щІэпэр щихьэмэ.

**СЫЖАЖЭ Сэкинат.**

*Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школ №-2-м и егъэджакІуэ.*

# Я къалэным хъарзынэу полъэщ

● Электросетхэр

**«Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и унафэщІ Къарэ Мурташ Къэбэрдей-Балъкъэрым токыр шынагъуэншэу щызэблэгъэкІынымкІэ штабым и зэІуэцІэм хэтащ. Абы зэхьихьэм зэрыщыжиІамкІэ, 2014-2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм Налшык и электросеть комплексыр и къалэнэм хъарзынэу пэлъэщащ. Ар и фІыгъэщ я лэжьыгъэр нэгъабэ лъандэрэ зэкІэлъхьыхьауэ зэрагъэзащІэм.**

ПРЕДПРИЯТЭМ гупищу гуэшауэ цІыху 24-рэ иІэщ. Зыхуэй ІэмэпсымэхэмкІэ, псыдзэмрэ мафІэсымрэ зэрапэщІэт техникэ щхьэхуэхэмкІэ (автовышкхэмкІэ, автокранхэмкІэ, яГъэІэпхъуэ дизельгенераторхэмкІэ), автотранспорткІэ ахэр иирикъуу кьызэгъэпэщащ. Электросетхэм, ток гуэшынІэхэм, Іэмэпсымэхэм я щытыкІэр, трансформатор пунктхэм я лэжьэкІэр зэпымыууэ къапщытэ, нэхъ шынагъуэ зыпылъ уэгу линэхэр кьахутэ, мафІэс кьэзышэнкІэ е къэуэнкІэ хъуну оборудованэхэм якІэлъопльэ. Зэраубзыхуам тету, псэуальэхэр зэрахьэ, токышхуэ щызэблэкІ пкъохэм, трансформатор пунктхэм я Іэшэлъашэр яГъэкъабзэ, удзыжьхэр щыпапущІ, жыгхэр щаухъуэнщІ.

Транспортыр, токым зэрызыщахъумэ, связь Іэмэпсымэхэр ирикъуу зэраІэм, гупхэр зэуІуу зэрызэдзлажьэм и фІыгъэкІэ, зи гугъу тщІы зэманым зэгъэпэщыжынигъэ Іуэхухэр псынщІэу зэфІахащ. Предприятэм и диспетчер ІуэхущапІэхэр унэ кІуэщІ электросетхэм я щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъоплъ. КъызэрымыкІуэ щытыкІэ кьэхъу жьужькъуэмэ, киловатт 50 зи льэщащ дизель электростанцым Налшык и псэуалъэ нэхъыщхьэхэр токкІэ къызэригъэпэщынущ.

**АНЗОР Олег.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Украинэ

# Нэхъри зэщоІей

**Коммунист идеологиер уэут мыщІыным икІи ОУН-УПА-м хэтахэр лІыхъужьу къэлъытэным теухуауэ Украинэм и Радэ нэхъыщхьэм къищта законым Урысейм и мызакъуэу Польшэми, уеблэмэ США-м щыщхэми къемызэгъыу къалъытащ.**

ДАУИ, къыщІалъытам и щхьэусыгъуэхэр зэтехуэрэкъым. Ахы адрыщІым щыжиІэ Киев гъуэгу пэж тету, ауэ законыр имычэзууэ къащтауэ. Варшавэ зэгуигъэпащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым нацистхэм я гъусэу журтхэмрэ полякхэмрэ зэтезыукІа украин националистхэр зэраІэтым. Газетхэм ящыщ зым а законым «Польшэмрэ абы и президент Коморовский Бронислав-рэ я напэр къызэприхьлэкІауэ» етх.

Зи гугъу тщІы законым иІкІэ ИтІкІэ Украинэм къыщагъэсэбэп хъунукъым совет дамыгъэ псори: ячапитху зиІэ вагъуэ плъыжьыр, бэракъ плъыжьыр, гъубжэмрэ уадэмрэ. Абы и мызакъуэу Украинэм и щыпІэ властхэм къапэщытщ совет лъэхъэнэм яГъэува фэеплъ псори ирахыну, уеблэмэ коммунистхэм лъэхъэнэм уэрамхэм фІаща цІэхэр зэрахъэжыну. АбыкІэ Москва къыхуиркъуну я мурадщ.

Апхуэдэ делагъэр телъыджэ щащцІыхуащ США-ми. Вашингтон мэшынэ емыгупсыс яча а лъэбакъуэм Москва и сэбэп хэлъу къыщІэкІынкІэ. Зэ еплъыгъуэкІэ хьэлэмэтщ. Ауэ американ прессэм къеГэлъагъуэ абы «украин жылагъуэр нэхъри зэщигъэІеинкІэ зэрыхъунур. Украинэм и къухьапІэмрэ къуэкІыпІэмрэ зэкІужьныжьмкІэ щыІэ Іэмалыр хэпщІыкІыу мэкІуэщІ». ИтІанэ, арыншами лъэрымыкъ хъуа Украинэр зэгуэкІынущ щІэгъэпсынщІауэ. Харьков, Одессэ, нэгъуэщІ республикэхэр къэунэхунущ. Абы, дауи, къикІынущ КъухьапІэм илэжьа псори псыхэкІуадэ хъуауэ икІи Кремлыр игъэгуфІэнущ.

Американхэм хащІыкІыщэркъым украин Іуэхуэм, ауэ иджы зыгъэпІейтейхэр лъабжьэншэкъым. ИкІагъэ зыхэлъ законыр къызэращтэу зыкІуІутхъуэ зыІутэ «щІалэфІхэм» Харьков фэеплъ зыбжанэ щакъутащ, Орджоникидзе Серго хуагъэувари яхэту. Украинэм ШынгъэншагъэмкІэ и ІуэхугъапІэм цІыхухэр зэпымыууэ игъэшынэ пэтми, апхуэдэ хьэкІэхъуэхэм гъэм къалэм щыпсэухэр игъэгубжьащ. Харьков трактор заводым (абы и пщІантІэрт фэеплъыр здэтыр) и лэжьакІуэхэм тхыгъэ щхьэхуэ къытырагъэдзащ а Іуэхум зэреплъыр къагъэлъагъуэу: «Фашист бзаджэнаджэхэр Украинэм и тхьидэмрэ заводым и лэжьакІуэхэмрэ къатеубжьытхащ». Пэжщ, нахуэу зыкъАІэтакъым.

Харьков щыщ куэдыр иджыри щогугъ зэрыхьэзэрий зэманыр къызэранэкІыну, уеблэмэ Киев хуолажьэ зэрыпсэуэ зыІэрагъэхьэу. Харьков дэт танк завод цІэрыІуэм иджыблагъэ украин армэм иратащ танкыщІэ зыкъом. Арщхьэкіэ законыщІэм ипкъ иткІэ апхуэдэ лэжьыгъэфІым щхьэкІи къамыгъанэу заводым зэрихьэжьынукъым Малышев Вячеслав и цІэр. Мыр совет къэрал лэжьакІуэу, «Сталин и наркому» щытащ. Араши, мыгувэу Іуэхущ Іапіэм гетман Бородавкэ е, нэхъыкІэжраци, гетман Мазепэ и цІэр фІащыну къыщІэкІынщ.

Арщхьэкіэ къалэдэсхэм ящыщ куэд арэзыкъым апхуэдэу зэрагъэпудымкІэ. Иджы дыдэ «Таймс» американ журналым тхыгъэшхуэ ятриухуауэ харьков партизанхэм. Абыхэм жаІэ къаІэрыхьэ ахъшэм и нэхъыбэр урысей хъэрычэтыщІэхэм къабгъэдэкІыу. Донецки къадоІэпыкъу. Партизанхэм икІуэтыну я мурадкъым. Абыхэм я псалъэхэм ятепщІыхьмэ, «къалэр сепаратистхэм къыщащтэну зэманыр жьжьэжкъым. Харьков щыщ цІыхухъу минрэ щитхум нэхърэ мынэхъ мащІэр щогугъ я унэ ягъэззэжу я ныбжьэгъуэм ялъ ящІэжыным». Абы къыхэкІыу США-м къыщалъытэ езым и унафэмкІэ Радэм мафІэм бензин трикІэу.

Польшэри къыщыІеящ. Гъэшхуэр ятриухуауэ СМИ-хэм я закъуэкъым. КъухьапІэм Украинэм и цІыхухэр мэтхьэусыхэ УПА-м хэтахэр лІыхъужьу зэрабжьым къыхэкІыу я ныбжьэгъу полякхэм ахэр хуабжьу зэрагъэпудым щхьэкІэ. Араши, Киев, Москва и мызакъуэу, Варшави хуэсакъын хуейм.

Украин законыщІэр Урысейм и бий пэтми, ар Кремлым щІэгъэкъуэн къыхуохъу езым и политикэр пхигъэкІымкІэ.

Псом ялъу абы жьэ нэхъ ярет КъухьапІэм щыщу Киев Іэщэ ирашэнэ зымыдэу къэувхэм. Вашингтон и дежкІэ кІуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу зи къэралыр зычатхъэ нацистхэм ягъэІэпыкъуну къигъэувыныр.

Абы и лъэныкъэкІэ Радэ нэхъыщхьэр Кремлым хуолажьэ.

**КРЕСТЬЯНИНОВ Виктор.**

*«Аргументы и факты»*

● Дыщэ

# ПсынщІэу икІи куэду

**2014 гъэр ирихьащ Урысейм и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр тонн 1206,8-рэ хъуауэ. Ар бжьыгъэшхуэщ. Фигу къэдгъэкІыжынщ 1914 гъэм Урысей империем и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр тонн 1311-рэ нэблагъэ къудейуэ зэрыщытар - нэгъуэщІу жыпІэмэ, зэрынэхъыбэ щыІэтэкъым.**

МЫ ЗЭМАНЫМ къэралым я гъущІ лъапІэм хуэдэу къыщыщІахьым псынщІэу щыхохъуэ. 2014 гъэм къаІэрихьащ дыщэ тонн 290-рэ. 2015 гъэм я мурадщ а бжьыгъэр аргуэру processэу 3-кІэ дгъэкІуэину - тонн 298,2-м нагъэсыну. Араущ ящІэкІынущ Дыщэ къыщІэзыхэм я зэгъуэнныгъэр апхуэдэ гъэтІылъыгъэхэр тонни 4-5-м нигъэсыну къыхилъхьэну щІытегушхуар. Дауи, ар зэуэ яхуэзэфІэкІынукъым - илъэсипщІ текІуэдэнущ. А мурадыр зрагъэкъулІэн папщІэ Правительствэм щІэныгъэ къэс тонн 250 - 300 къищхун хуейщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, Урысейм къыщыщІах псори.

Мы Іуэхум тэмэму бгъэдохьэ. Псом хуэмыдэу финанс щытыкІэр щымыщІагъуэ зэманым дыщэ къащІэхуму нэхъыбфІщ, американ тхылъымпІэ пыупщІар щыхуэу къащтэ нэхъри. Абы папщІэ, пэжу, хущІэжьын хуейщ Правительствэм дыщэ зэрищэху хабзэм. ІэнатІэм пэрытхэм жаІэ процент гуэри тримыльхьэу Гохраным дыщэр ищэжуу иужькІэ Банк Нэхъыщхьэм иритын хуейуэ. Апхуэдэущ нэхъапэм зэрыщытар.

*«Аргументы недели»*

● Ерыскъы

# Мыгувэу нэхъ пуд хъужынущ

**Хадзэкіхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я уасэхэм зэман гъунэгъум кІэрыхунущ.**

ИДЖЫПСТУ екІуэкІхэр щыпІалъагъкІэ уогупсыс: фІэщщІыгъуейщ. Арщхьэкіэ Іэщ Іагъэлъ Іхэм къалъытэ ерыскъыхэкІхэр процентэ 5-кІэ нэхъ пуд хъуну. Я тегъэщІапІэри зыщ - сомыр зэрыдэкІуеижарщ. Дауи, ущыгугъ хъунукъым уасэхэр кризисым ипэкІэ зэрыщІатам хуэкІуэжыну - сомым иджыри апхуэдэ къару иІэкъым.

ЩІыгъужьи хуейщ санкцэхэм я зэранкІэ хадзэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ зыщхэзр зэрызэпемыуэжыр. Урысейм къыщагъэтащ ди къэралым къашэну хуит ямыщІ ерыскъыхэкІ псори зэрызэрахьуэкІын. Пхъэщхьэмыщхьэхэр Европэм къыщащэхум нэхъ тегъэщІауэ щытащ. Ауэ ди гъунэгъуэм я пІэ иуащ Урысейм, Сербием, Бразилием, Аргентинэм, Тыркум, Мароккэм я жыгтъэкІхэр. Ди тыкуэнэхэм щыпІалъагъунущ Китаймрэ Чилимрэ кърашахэр. ЕрыскъыхэкІхэр нэхъыбэхуКІэ ахэр нэхъ пуд хъунущ.

*«Аргументы недели»*

● Къэралхэр

# Хэт хилъафэр?

**«Дэтхэнэ пщафІэ цІыхубэми зригъэсэфынущ къэралыр зэрихьэу»-цІэрыІуэ хуэа а псалъэхэр мыпэжу къыщыщІрагъэдз Литвам. Къэралым и президент Грибаускайте Даля езым и политикэ ерыщагъкІэ икІи уегупсыс зэрыхъунумкІэ, КъухьапІэм и унафэкІэ Литвам и экономикэр хуабжьу иregъэхуэх.**

ЛИТВАМ Урысейм кьриІэшэу щытащ евро мелуанищэхэм я уасэ ерыскъыхэкІхэр. 2014 гъэм и щІышІэмрэ мазаемрэ я закъуэ а бжьыгъэ мелуан 55-рэ хъуат. Арщхьэкіэ Вильнюс Урысейм къыщыІея иужь евро мелуани 8,3-рэщ зэрырыхьжыр. Ар гъэ кІуам елъытауэ процент 84,9-кІэ нэхърэ нэхъ мащІэщ.

ГъэшхэкІэм я деж а бжьгъэр щынэхъыкІэжщ - процент 99,5-рэ. ПыхэкІхэр ди къэралым къашэкъыхэрэкъым. А псомкІэ къыщІащ Литвам Урысейм хъэпшыпу, мэкъумэшхэкІыу къриГъашэр процент 60,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуныр. Арщхьэкіэ, апхуэдизэ, хэщІыныгъэр илъагъу пэтми, Даля пІащІэркъым и кІулыкъум теКІыну. Абы иджыри пэжыгъэшхуэ къыпэщытщ - Урысейм къригъашэхэм ящыщу къэнэжа процент 39,5-ми Литвар пигъэкІыну и мурадщ.

*«Аргументы недели»*

Болгар хэкупсэхэр совет зауэлІхэм япежащ.
*1945 гъэ, мэлыжьыхь мазэ*

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

# Нэхущвагъуэ ижын зи гугъар, къыщоблэжыр си уафэм анэлу!

*Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо адыгэ академием, ЩIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, хьэрычэт Iуэхухэмкiэ Кавказпсо Академием, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэр ящыщщ ди республикэм щэнхабзэм, печатым зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа IэщIагъэлI щыпкъэхэм. Иджырей гуманитар университетым (СГУ) щIыхь зиIэ и профессор Джырандокъуэм ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм и тхыдэ гъуэгуанэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ ятеухуа къэхутэныгъэ купщIафIэ куэд иригъэкIуэкIащ. Апхуэдэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 60-м щIигъу къыпыкIащ щIэныгъэлIым и къалэмыпэм. Абыхэм ящыщ куэд къытехуащ ди къэралым, республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. Михаилрэ и щхьэгъусэ Верэрэ зэдатхауэ щыта «Щэнхабзэ революцэр ди лъэпкъ щIыналъэм зэрыщекIуэкIар: пэжымрэ къагупсысамрэ» тхылъым щIэныгъэ дунейм гулъытэшхуэ щигъуэтащ. Абы щызэпкърахащ икIи Iупщ Iу къыщыгъэлъэгъуащ цIыху гъащIэм, гупсысэм и зыузэщIыныгъэм щэнхабзэм мыхьэнэуэ щиубыдыр зыхуэдизыр.*

*Джырандокъуэр 1940 гъэм и мэлыжьыхьым къыщалъхуащ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Плановскэ (Ботэщей) къуажэм. Балигъ хъууэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ зригъэгъуэта нэужь, Михаил япэщIыкIэ я къуажэ дэт курыт школым егъэджакIуэу щылэжьащ, ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым и япэ секретару щытащ. ИужькIэ Налшык къэшэри къэрал мыхьэнэ зиIэ къулыкъухэм пэрытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм культпросвет лэжьыгъэмкIэ и щIэныгъэ-методикэ къудамэм и унафэщI къалэныр илъэс 14-кIэ дагъуэншэу ирихьэкIащ, министерствэм и парт ячейкэм и пашэу щытащ. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Союзпечать»-м (иджы «Роспечать»-м) и тхьэмадэу лэжьащ, IэнатIэр иригъэфIакIуэу.*

*ЗэфIэкI лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр КъБР-м и лIыкIуэу мызэмытIэу хэтащ дунейпсо, къэралпсо щэнхабзэ, щIалэгъуалэ зэхыхьэхэм, абыхэм я утыкухэм и гупсысэхэр къыщигъэнаIуэу, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ нэгъуэщIхэм ядэгуашэу.*

*ИригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, жылагъуэ Iуэхухэм къапэкIуэ къэрал гулъытэ игъуэтащ Михаил. Абы къыхуагъэфэщащ СССР-м, КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм, Совет Нэхъыщхьэхэм я Президиумхэм я дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, щытхъу тхылъхэр, цIэ лъагэхэр къыфIащащ. Дунейпсо Арт комитетым къыбгъэдэкIыу Михаил кърат ащ «ЩIыхьрэ пщIэрэ» медалыр.*

*Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэрым и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирокъу. И махуэшхуэм и пэ къиихуэу Джырандокъуэ Михаил «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым къедгъэблэгъащ икIи и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

## ЗэфIэкI лъагэ зиIэ Джырандокъуэ Михаил

**- Михаил, ди гуапэу дынохъуэхъу уи махуэшхуэмкIэ. Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ адыгэлIхэм уащыщщи, куэдрэ дяпэ Тхьэм уригъэт. Уи гъащIэмрэ гуащIэмрэ я Iыхьэшхуэ зыхуыхэпхауэ щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Союзпечать»-м и унафэщIу ущылэжьа илъэсхэм уэ пхуэзэфIэкIащ ар езым хуэдэ предприятэхэу къэралым щылажьэхэм я нэхъыфIхэм хебгъэлъытэн. Абы и щыхьэтщ а лъэхъэнэм унафэщIми IэнатIэми къыфхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэ лъапIэхэр. «Роспечать»-м ноби и щIэныгъэ чэнджэщэгъу Iэзэм а лъэхъэнэм и гугъу къытхуэщIыжыт.**

- Илъэс 30-м нэскIэ сыпэрытащ зи гугъу пщIы IэнатIэм. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэкIи Iуэху зехьэкIэкIи къэралым щыпэрыт апхуэдэ IэнатIэхэм дыхабжэу дыкъекIуэкIыни тхулъэкIащ. 1985 - 1993 гъэхэм «Печатым зегъэубгъун» союзпсо журналым и редколлегием дыхэтащ, къэралым и нэгъуэщI тхылъ тедзапIэхэми жыджэру дадэлэжьащ. А лъэхъэнэм ди IуэхущIапIэми абы и унафэщIхэми дамыгъэ лъапIэ куэд къытхуагъэфэщащ. Ахэр абы и гуп зэкъуэтым зэхуэдэу къызэдэдлэжьащ ди зэфIэкIрэ къарурэ демыблэжу Iуэхум дызэрыбгъэдэтамкIэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, СССР-м, УФ-м, КъБР-м СвязымкIэ я министерствэхэм къытхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэхэр, щIыхь, щытхъу тхылъхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, цIэ лъапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

А лэжьыгъэм къыдэкIуэу абы щыгъуэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ къалэни щызгъэзэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием. Студентхэм садэлэжьэныр хуабжьу сигу ирихьу илъэс бжыгъэкIэ абыхэм сахэтащ. Академиеми щыпысщащ си щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм икIи 1991 гъэм политикэ тхыдэмкIэ доцент цIэр къысфIащауэ щытащ. ИужькIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо адыгэ академиеми сыхагъэхьауэ щытащ.

**- Къэралым пщэрылъ къыпхуищIа апхуэдэ, нэгъуэщI къалэнышхуэхэри къызыхуэтыншэу бгъэзэщIэфащ уэ, «зауэм и бынкIэ» зэджэхэм уащыщрэ гугъу уехьу укъэтэджами. Укъызыхэкiа унагъуэмрэ уи сабиигъуэмрэ ятеухуауэ сытхэр къыджепIэн, Михаил?**

- Зауэ зэманымрэ абы иужь лъэхъэнэмрэ хиубыдащ си сабиигъуэр, ауэ, си насыпщи, слъэгъуами, фIы дыдэу сщIэжыркъым зауэри абы щыгъуэ дызыхэта щыщIэныгъэхэри гугъуехьхэри. Си адэ-анэ Хьэмзэтрэ Тауж анрэ, си шыпхъу нэхъыжь Майе сымэ жаIэж хъыбархэмкIэ сыщыгъуазэу аращ а зауэ гущIэгъуншэр ди щIыпIэм къэсауэ зэрыщытам.

Зауэ нэужьми си сабиигъуэр IэфIу, щызу щытакъым, сыту жыпIэмэ си анэр сымаджэрилэурэ къекIуэкIати, ар сыт щыгъуи си гум гуауэу илъащ...

Ди унагъуэр япэ дыдэ колхозым хыхьауэ щытахэм ящыщащ. Колхоз ухуэныгъэр гугъуу зэрыщытамрэ абы бэлыхьу, псом хуэмыдэу си анэ тхьэмыщкIэм дишэчамрэ я гугъу фхуэзмыщIыжу схуэшэчынукъым. НтIэ, сабий нэхъыжьыр иIэу ди анэр, езым хуэдэ нэгъуэщI къуажэдэс бзылъхугъэхэми хуэдэу, жэщ-махуэ жимыIэу губгъуэм илэжьыхьырт, гущэри сабийхэри зэрыкIэрыщIауэ. Апхуэдэ гуащIэдэкI хьэлъэм къыхэкIыу зыхуей хуэмызэ бзылъхугъэ Iэпкълъэпкъым узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуэлъэ хъурт. А зэманым ди щIыпIэм къыщыхъеяуэ щытащ техьэгъуэ уз шынагъуэр. Ар зэуэлIахэм ди анэри ящыщащ. Ар пкърыту махуитIкIэ губгъуэм исащ, къамыгъэкIуэжу. Узым узэрыпэлъэщыну щыIэр зы хущхъуэ закъуэти, абы ефэм е и нэхэр щIисыкIырт, е и кIуэцIкIэ дагъуэ гуэр иIэ хъурт. Абы уемыфэми, укъелыххэнутэкъыми - сытхэр я Iэмалт?.. КъарищIэнкIэ хъунур нэрылъагъуми, узыр зэуэлIахэр а хущхъуэм ефащ. Махуэ зыбжанэ дэкIри, техьэгъуэр щхьэщыкIащ ди анэм, арщхьэкIэ и нитIым зыри ямылъагъуж хъуащ. Ди адэшхуэмрэ адэмрэ мамэ яшащ Налшыки, Псыхуаби, Владикавкази, Тэн Iуфэ Iус Ростови щыIэ дохутырхэм я деж (нэхъ жыжьэ Iуашыну Iэмал яIэтэкъым), арщхьэкIэ сымаджэм зыри сэбэп къыхуэхъуакъым. Ауэ зыхуэза дохутырхэм языхэзым къыжриIауэ жаIэжырт иджыри зы бын зригъэгъуэтмэ, мащIэу нэхъ мыхъуми илъагъу хъужынкIэ зэрыхъунур. Апхуэдэу сэ дунейм сыкъытехьащ, ауэ ди анэм и узыншагъэм абы зыкъыдигъэзакъым. Пэжу, ар тхуэпсэуащ зэрыхъукIэ и Iуэху Iыхьэ ищIэжу: си шыпхъур и дэIэпыкъуэгъуу пщэфIэфу, тхьэщIэфу, жьыщIэфу. Дэ нэхъ балигъ дыкъэхъуа нэужь, Iуэхухэр зэрыщхьэщытхыным дыхущIэкъуащ. И нэм имылъагъуми, абы хуэдэу къабзэлъабзэрэ гуакIуэрэ бзылъхугъэхэм яхэмытами ярейт. Уеблэмэ къуажэм хьэщIэшхуэ къэкIуа нэужь, абыхэм я гъэхьэщIэныр ди анэшхуэмрэ ди анэмрэ пщэрылъ къыщащIу щытащ.

Ар щIыжысIэжар, япэрауэ, властыр лъэ быдэкIэ увын папщIэ, а зэманым цIыхухэм ямыщIэн щымыIэу апхуэдэу къызэрекIуэкIарщ, етIуанэрауэ, япэрей адыгэ бзылъхугъэхэм я фэм дэкIамрэ абыхэм, сабий пIынымрэ унагъуэр зехьэнымрэ къадэкIуэу, къэрал Iуэхум зэрыхэтын къару ини зэфIэкI лъаги яIэу зэрыщытарщ.

А бгъэдэлъ сэкъатым къимыгъэдзыхэу, ди анэр хущIэкъуащ ди гур IэфI ищIу, унагъуэм ди гупсэу щытын. Ди адэр зауэм дэкIа нэужь, унагъуэм аргуэру леишхуэ къыттехьащ. Хэкум ираш балъкъэрхэм я гъусэу дэри ди щIыпIэр дагъэбгынащ зэрымыщIэкIэ икIи Къэзахъстаныр псэупIэ тхуэхъури илъэс зыбжанэкIэ абы дыщыпсэуащ. «ДжэдылIэм здихьа бабыщу», лажьи хъати зимыIэ цIыху куэд къуажэм дыдашауэ щытащ а лъэхъэнэм. Абы щыгъуэ ди анэ шыпхъур ди гъусэу нэмыкIуатэмэ, шэч лъэпкъ хэлътэкъым, зи нэм имылъагъу ди анэм сабиитIыр дызэрыхуэмыхъумэнум, езыри хамэ щIыпIэм зэрыщыкIуэдынум. Зэман дэкIри си анэ дэлъхур абы нэкIуащ, зауэм къикIыжу, икIи лажьэ дызэримыIэмкIэ дэфтэрхэр зэригъэпэщри дыкъишэжащ. Хэкум къыщыдгъэзэжам, сэ илъэс 13-м сыхыхьат.

Ди адэр и псэ емыблэжу зауэм Iутащ, дэ, абы и унагъуэм, апхуэдэ лей къыттехьауэ щытащ. ИужькIэ ди адэри зауэм къикIыжри, Тырныауз шахтэм илъэс куэдкIэ хьэлэлу щылэжьащ, и унагъуэр зыхуей дыхуигъазэу, бынхэм щIэныгъэ, IэщIагъэ зэрыдигъэгъуэтыным хущIэкъуу.

**- Уи сабиигъуэр тыншу щымытами, абы щыгъуэ узыхущыщIахэм ящыщ куэдкIэ Тхьэр къыпхуэупсэжащ иужькIэ. ИкIута из хъужыркъым, дауи, ауэ уэ плъэкIащ уи щIалэгъуэр IуэхугъуэшхуэмкIэ гъэнщIауэ, жыджэру епхьэкIын. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэри къэрал мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэмкIи щызу упсэуащ.**

- Ар пэжщ. Зы лъэныкъуэмкIэ узыхущыщIэр адрей унэтIыныгъэмкIэ къыщыпхущIегъуж гъащIэм. Плановскэ къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэ сиIэу 1958 гъэм къэзуха нэужь, збгъэдэлъ зэфIэкIхэр къалъытэри, сэ а илъэс дыдэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу сагъэуващ сызыщеджа школым. Сызэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм си щIэныгъэм щыхэзгъэхъуащ.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэта нэужь, сагъэуващ ди школ унафэщIым егъэджэныгъэмкIэ и къуэдзэу. Абы къыдэкIуэу комсомолым и Тэрч щIыналъэ комитетым и япэ секретару сыщытащ. А къалэнхэм илъэситI хуэдэкIэ сыпэрытауэ, 1966 гъэм лэжьакIуэ срагъэблэгъащ КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм икIи абы и щIэныгъэ-методикэ кабинетым культпросвет лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъур дзыхь къысхуащIащ. Илъэс 14-кIэ есхьэкIащ а къалэныр, хуабжьу сыдихьэхыу, зи щIалэгъуэхэр щэнхабзэ Iуэхухэм жыджэру къызэрыхэсшэным сыпылъу. А лъэхъэнэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэми зестащ. 1974 гъэм дунейм къытехьащ си япэ тхылъыр. Ар зытеухуар цIыхубэ гупсысэм зиужьынымкIэ щэнхабзэм иIэ мыхьэнэрт. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм 1921-1937 гъэхэм я щэнхабзэм зэрызиужьар» темэм тещIыхьа си къэхутэныгъэхэр утыку къисхьащ 1977 гъэм. А щIэныгъэ лэжьыгъэр пхызгъэкIри, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къысфIащащ.

**- Михаил, апхуэдэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэм къадэкIуэу уэ хуабжьу жыджэру ухэтащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 60 - 70 гъэхэм екIуэкIауэ щыта щIалэгъуалэ дунейпсо, къэралпсо, щIыналъэпсо зэIущIэхэм. А зэманыр уи нэгум дауэ къызэрыщIэувэжыр?**

- А лъэныкъуэр къапщтэми, гъэщIэгъуэну, купщIафIэу къекIуэкIащ си гъащIэр. Япэ дыдэ дунейпсо утыку сыщихьам щыгъуэ, сэ иджыри КъБКъУ-м сристудентт. ЩIалэгъуалэ жыджэрхэм сащыщу сыкъалъытэри, сагъэкIуауэ щытащ Финляндием и къалащхьэ Хельсинки 1962 гъэм щекIуэкIа, ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. Абы сыкъыщыпсэлъащ, ди къэралым щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэ хьэлэмэтым и гугъу сщIыуэ. Фестивалым и лэжьыгъэм жыджэру сызэрыхэтар къалъытэри, Чехословакием и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм сыхагъэхьауэ щытащ. Абы щыхьэт техъуэ дамыгъэр си бгъэгум къыхилъхьат ЧСМ-м и япэ секретарым, Iэгуауэшхуэм щIэту.

Гукъинэ сщыхъуа Iуэхугъуэхэм ящыщщ 1967 гъэм партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ я лIыкIуэ гупым сыхэту Италием щекIуэкIа дунейпсо зэхуэсым сызэрыщыIар. Абы щыгъуэ Италием и компартым и пашэхэм срагъэблагъэри, я япэ съездым сыхэтауэ щытащ. Апхуэдэу 1971 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Ташкент щекIуэкIа Союзпсо симпозиумым ди республикэм къыбгъэдэкIыу сыщыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэм зэращыдэлажьэр зи лъабжьэ докладышхуэ абы щысщIауэ щытащ. СощIэж «Ленинизмэмрэ социалистическэ щэнхабзэмрэ» темэм теухуа си къэпсэлъэныгъэр симпозиумым кърихьэлIахэм гунэс ящыхъуауэ зэрыщытар.

1972 гъэм и шыщхьэуIум партым и ЦК-мрэ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ сагъэкIуауэ щытащ ЭтикэмкIэ дунейпсо конгрессу Румынием щызэхэтам. Къэрал 45-м щыщ цIыху 550-м сащыщу а къэралым сыщыхьэщIащ. Абыи сыкъыщыпсэлъауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэмрэ КъуэкIыпIэ къэралхэмрэ щекIуэкI эстетикэ гъэсэныгъэм теухуауэ.

«СССР-м и щIалэгъуалэр литературэмрэ гъуазджэмрэ зэрыщIапIыкIыр» унэтIыныгъэмкIэ Вильнюс щыIа союзпсо конференцми сыхэтащ нэхъ иужьыIуэкIэ. Апхуэдэуи Москва, Ленинград, нэгъуэщI къалэхэми а лъэхъэнэм щекIуэкIа зэIущIэ куэдым срагъэблагъэу щытащ. Абыхэм къадэкIуэу дыхэтт щIалэгъуалэ, щэнхабзэ зэпеуэхэм, еплъыныгъэхэм, нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм, текIуэныгъэхэр къыщытхьу. ЖыпIэнурамэ, си щIалэгъуэр IуэхугъуэхьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ, етIысэхыпIэ симыIэу есхьэкIащ.

**- Иужьрей уи къэхутэныгъэ, публицистикэ, щIэныгъэ, лэжьыгъэхэр сыт хуэдэ Iуэхухэм епха?**

- Си тхыгъэхэр нэхъыбэу зытезухуэр адыгэхэм, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ ягъуэта зыужьыныгъэмрэ абыхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэмрэщ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Щэнхабзэр гъэсэныгъэм и лъабжьэхэм ящыщщ», «Щэнхабзэ революцэмрэ лъэпкъ щIыналъэхэмрэ», «Лъэпкъыбзэр хъумэным епха Iуэхугъуэхэр», «ХамэщIыщыпсэу адыгэхэмрэ ди анэдэлъхубзэмрэ», нэгъуэщIхэри. Ахэр къытехуащ Москва, Мэхъэчкъалэ, Омск, Тэн Iуфэ Iус Ростов, Налшык къалэхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм.

КъинэмыщIауэ, хуабжьу сыдэзыхьэх унэтIыныгъэхэм ящыщщ лъэпкъ лIакъуэхэр зэфIэгъэувэжыным епхахэр. Сипхъу Заремэрэ дэрэ гупсэхуу дызэлэжьа «Джырандокъуэхэ я лъэпкъ лIакъуэр» тхылъыр дунейм къызэрытехьэрэ куэд дыди щIакъым. Абы щызэхуэтхьэсыжащ ди лъэпкъым и тхыдэм теухуауэ илъэс зыбжанэкIэ едгъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм къарикIуахэр, гумызагъэу къэдугъуея Iуэхугъуэхэр. Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, ГеральдикэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и дамыгъэ лъапIэр а лэжьыгъэм папщIэ 2008 гъэм къысхуагъэфэщауэ щытащ.

Тхэныр зэи IэщIыб сщIакъым, сыт хуэдэ зэмани сфIэфIу садолажьэ ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщыдэкI журнал, газет зэхуэмыдэхэм. АбыкIэ сиIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, илъэс 30 ипэкIэ сыхагъэхьауэ щытащ СССР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм.

**- Апхуэдиз Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд екIуу, къызыхуэтыншэу зэфIэпхыныр, дауи, тыншкъым. Ахэр плъэкIынымкIэ быдапIэ лъэщу дапщэщи уиIа уи унагъуэр ди газетеджэхэм нэхъ гъунэгъуу ебгъэцIыхуну сыхуейт.**

- Сыт хуэдэ Iуэху сыпэрыхьами, сыт хуэдэ къулыкъу згъэзэщIами, ахэр сыт щыгъуи къыздаIыгъащ икIи си лъэр жан ящIащ си щIыбагъ къыдэт унагъуэм: си щхьэгъусэ Верэ, си бынхэу Заремэрэ Русланрэ. ЩIэныгъэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ пщIэ щыхуащIщ ди унагъуэр. Верэ Москва щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ дэт университетыр къиухащ, ар УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щолажьэ, абы къыщыдэкI щIэныгъэ журналыр и нэIэм щIэту. Ди бынхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ зэрыпсэун IэщIагъэрэ едгъэгъуэтащ. Ахэр унагъуэ щхьэхуэ хъужахэу мэпсэу, адэшхуэ-анэшхуэм къуэрылъху-пхъурылъху дыгъэ-щыгъэ цIыкIуxэр тыгъэ къытхуащIауэ. Быным, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я ехъулIэныгъэхэм дагъэгушхуэ, гъащIэр IэфI къытщащIу.

Апхуэдэу ди унагъуэм Тхьэшхуэр къытхуэупсащ ныбжьэгъуфIхэмкIэ, благъэ-Iыхьлы жумартхэмкIэ.

Зи гугъу сщIы а псори уиIэныр фIыгъуэшхуэщ, аращ насыпри, гъащIэм щынэхъыщхьэри. Абыхэм япошачэ укъызыхэкIа лъэпкъым, ущалъхуа щIыналъэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми сэбэп уахуэхъуу упсэуныр. Абы дыхущIэкъуу гъащIэр идохьэкI.

**- Упсэу, Михаил. Уэри уи унагъуэ дахэми гъащIэм, бынхэм яхувиIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ Тхьэм къывигъэхъулIэ. Насыпрэ дэрэжэгъуэрэ фыщымыщIэу адэкIи фефIэкIуэну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

### ДифI догъэлъапIэ

75

**Джырандокъуэ Михаил.** *1968 гъэ*

## ЩIэблэм я щапхъэ нэс

**Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ ди республикэм игъуэта зыужьыныгъэм и гуащIэ куэд хилъхьащ Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэм. Щэнхабзэм къыдэкIуэу Михаил хунэсащ гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэ куэдми: ар тхыдэдж гумызагъэщ, журналист Iэзэщ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ. Зи гъащIэ гъуэгур и акъылрэ зэфIэкIкIэ пхызыша нэхъыжьыфIыр къытщIэхъуэ щIэблэм я щапхъэ нэсщ.**

ЩАЛЪХУА Плановскэ (Ботэщей) жылэм дэт курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу щыщыIами, КъБКъУ-р къиухыу Новэ-Хьэмидей къуажэм и курыт еджапIэм унафэщIым и къуэдзэу щыщылэжьами, комсомолым и Тэрч райкомым и япэ секретару щагъэувами, иужькIэ къэрал къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIами - дапщэщи Джырандокъуэм и гъащIэ гъуазэу щытар иджыри щытыр пэжыгъэмрэ жэуаплыныгъэмрэ и лъабжьэу дзыхь къыхуащIа IэнатIэр егъэфIэкIуэнырщ, цIыхубэм яфI къызэрыкI Iуэхугъуэхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIэхынырщ. Зыпэрыт IэнатIэм щигъэзащIэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу сыт хуэдэ зэмани ар дихьэхащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм. А Iуэхугъуит Iыр зэхэухуэнауэ ирихьэкIыурэ, абы игъэхьэзыращ икIи 1977 гъэм ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я социалистическэ щэнхабзэр зэрызэфIэувамрэ зэрызиужьамрэ (1921 - 1937)» зыфIища и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр.

А лъэхъэнэм Джырандокъуэм и къалэмыпэм къыпыкIащ нэгъуэщI тхыгъэ купщIафIэхэри. Абыхэм ящыщщ «КъБАССР-м и цIыхубэ университетхэр» и япэ тхылъыр, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа щэнхабзэ ухуэныгъэр (1917 - 1940)», 1978 гъэм Москва къыщыдэкIауэ щыта «Къэбэрдей-Балъкъэрым и клубхэм щекIуэкI лъэпкъ-хэкупсэ гъэсэныгъэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Иджырей зэманым дунейм къытехьахэм ящыщу гулъытэшхуэ игъуэтащ Джырандокъуэ зэщхьэгъусэхэу Верэрэ Михаилрэ зэдатха «Щэнхабзэ революцэр ди лъэпкъ щIыналъэм зэрыщекIуэкIар: пэжымрэ къагупсысамрэ» тхылъым. А лэжьыгъэм къегъэлъагъуэ щэнхабзэм и зыужьыкIэм хэкупсэ нэсыр увыIэгъуэ имыIэу зэрыкIэлъыплъыр, ар егъэфIэкIуэным дапщэщи зэрыхущIэкъур. ЖыпIэнурамэ, ди щIыналъэм и щэнхабзэ зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэфIт а лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Ахэр нобэ къыщагъэсэбэп щэнхабзэм щыхурагъаджэ, лъэпкъ тхыдэм щелэжь IэнатIэхэм.

Джырандокъуэр пщIэ хуащIу зыбжанэрэ ирагъэблэгъащ ди къэралми хамэ щIыпIэхэми щекIуэкIа щэнхабзэ зэхуэс инхэм. Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм къыбгъэдэкIыу абы и закъуэщ ягъэкIуар Узбекистаным щызэхуашэсауэ щыта щэнхабзэ къэралпсо симпозиумым, Румынием щызэхэта Еблэнэ дунейпсо конгрессым.

ЩIэныгъэлIыр шэщIауэ ядолажьэ ди республикэм и еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Доцент Джырандокъуэр илъэс зыбжанэкIэ лекцэ къахуеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студентхэм. КъинэмыщIауэ, ар мызэ-мытIэу хахащ Тэрч щIыналъэм и цIыхубэ депутату.

Михаил гъащIэм щызэфIиха апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэхэм гулъытэшхуэ игъуэтащ. Абы хуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, фIащащ щIыхьыцIэ лъагэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэри куэдрэ иратащ.

Зи илъэс 75-р мы махуэхэм зыгъэлъапIэ Джырандокъуэ Михаил, щIыналъэм, лъэпкъым хуэлажьэ ди нэхъыжьыфIым икIи хэкупсэ нэсым, сохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, творческэ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэу иджыри куэдрэ псэуну.

**УЭЩРО Рубен,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым иджырей жылагъуэм и зыужьыныгъэр щызыдж гупым и унафэщI.*

Капри хытIыгум щохьэщIэ. (Италие) *1967 гъэ*

И ныбжьэгъухэм яхэту. *1977 гъэ*

## Тэрчыпс Iубыгъуэ

Балладэ

*Джырандокъуэ Михаил хузотх*

I

«Анэ быдзышэм лъахэм и псы Iуб
Хэтыжмэ - укъэхъунущ уэ лIы нэсу! -
КъызжиIэу, къыдоувэри си щIыб, -
Хэф Тэрч!» - жи сядэм, ищIэр фIэгунэсу.
Лъахэ быдзышэр - хуейм иреутхъуа! -
Анэ быдзышэу сэ къысIуроIэфIэ.
Зэгуэр мыбыдэ дыдэу къысщыхъуа
ЩIылъэм къысфIощI къыдилъэ
Iэ си щхьэфэм.
Арати, гъащIэм сыхолъадэ сэ,
Къыр нэхъ ин дыдэм дэжей щыхь
лъэ жану.
Псэ зыпымытми хэслъхьэфыну псэ
Къысщыхъужарэ - щIы псом срикъану.
Ауэ хуэм-хуэму си къарур мэкIуэщI,
ГъащIэм и щэхухэр нахуэу
зэхэсщIэхукIэ.
Кърималъхьэж дыгъэшхуэм щхьэр
си куэщI,
Къахохъуэ цIыхухэм къысIущIэф
сэ «IуэхукIэ».
Зым щигуфIэгъуэм, зыр е лыгъэм ес,
Ещанэхэм къажыхьыр мыпIейтейуэ.
Дунейм мы щIыри щымыхъун зэтес,
Зым и насыпым зыр игъэнэщхъейуэ.

2

Сабиигъуэр жыбгъэм ихьащ,
Щидзащ бгым, дидзэжащ
къуэладжэжьым.
СыкIэлъоплъри - си гум щIыхьащ! -
Темылъыжу солъагъу си Iэужьи.

Гу лъитэжыркъым зым сызыхуейм,
ГъащIэр кIыфIмэ, къысфIощIыр
си лажьэу:
Зы цIыхубз темытыж мы дунейм
Гур зэридзэу бдзэжьейм и кIэмажьэу.
Си щIыр йощIэ, си уафэм зеIуб.
Сожэх щIым, сыщIеуфэ си уафэм…
Зэхызох: «Тэрч щыщ Iуб зэ еIуб,
КъыIэщIэкIи ухыгъэ унафэм!»
Слъагъум къуаншэ, хъуащ
гур къэмылыб.
Ар еша? ХэкIыжа псэр и гугъэм?..
Зэхызох: «Тэрч щыщ Iуб зэ еIуб,
КъыIэщIэкIи ухыгъэ унафэм!»
Сэ згъэлъалъэу нартыху, зы Iэбжьыб
Бжьыхьэ бзум хуэзмыдзам - зэхызохыр:
«ПсынщIэу Тэрч и Iуб закъуэ еIуб, -
Уи насыпым уи гъащIэр блыбохыр!»
Си лъэр жьажьэщ - сыхъуа сэ щIыIуб?
Си ныбжьэгъум и гуауэу жиIаи!..
Зэхызох: «Тэрч щыщ Iуб зэ еIуб,
Гупсэхугъуэм и щхъухь зэпхьэлIаи!»
Къысхуоплъыхыр си вагъуэр: «Сижынщ,
ЗыкъэпщIэжу пхулъэкI умыщIэнум!
ПсынщIэу уэ Тэрчыжь Iуфэ нэсыж,
УзищIысыр щIыгум щыпщIэнум!»

3

Мы дунейм гуауэ хущхъуэ темыт.
Сэ итIани макъ щэху сIуроIэфIэ:
Сигу гъэрыпIэ ихуари щхьэхуит
КъезгъэщIыну сыIуохьэ Тэрч Iуфэ.
КъауцыпIэм нэхъ щабэ сщыхъуау
Iуфэ мывэр си бгъэм щIызопIытIэ, -
Мывэ си гур хъупа къыщыхъуау,
Мывэм и бгъэм мы си бгъэр къешытIэ.
Тэрч Iуб закъуи арыххэу соIуб, -
Псы утхъуар къысIурохъуэ быдзышэ!
Къыдоувэ си лъахэр си щIыб.
ИIэ бий? Сылъэтэнущ фочышэу!
ЩыIэ хейм и гум екIэ еуа,
И мыIыхьэ жып щэхум изылъхьэ?
Зи псэ фIейр гъатхэ псыдзэу къиуа?
ИмыщIахэри зи щхьэ тезылъхьэ?
КъуэгушхукIыуи къамэ къару
Зезыдзыну мо дыгъэм зи гугъэ?
Езым емыщхь илъагъумэ, еру
Къыщыхъуау, щIэзыгъэст IэрыщI
лыгъэ?!
… Хузогъазэри мывэм си щIыб
СыгуузщIу уафащхъуэм соплъыжыр:
Сэ си уафэм афIэкI зимыIуб.
Сэ си щIылъэм кIэрахъуэу щIедзэжыр.
Iуащхьэмахуэ къыдожри жьы уэр
КъысхуогуфIэ сэ, и Iэр къыздилъэу:
ЗэкIэщIехури пшэ фIыцIэр жьэхэлъэу, -
Зэхехуэжыр шы гуартэ пщIэгъуэплъу.
Нэхущвагъуэ ижын зи гугъар
Къыщоблэжыр си уафэм анэлу!

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер.

Адыгэ пщащэ Къущхьэ Севим Истамбыл щопсэу.

*Махуэ гуэрым телевизорым къигъэлъагъуэу срихьэлIащ бзылъхугъэ тхакIуэм теухуа нэтын гъэщIэгъуэн. Нэтыныр езыгъэкIуэкI журналистым и упщIэжым ящыщ зым цIыхубым жуал къыщиритым, абы къыхигъэщащ ар лъэпкъкIэ къэбэрдей адыгэхэм зэращыщыр. Ар икъукIэ сфIэгъэщIэгъуэн хъурт, а бзылъхугъэр нэхъ гъунэгъуу ззэгъэщIыхуну мурад сщIащ. КъыззыщIэкIамкIэ, ар Истамбыл щыпсэу тхакIуэ Къущхьэ Севим Решатщ. Абы романи 10 и Iэдакъэщ1экIщ, тIур Кавказ зауэм триухащ.*

● Шэрджэс хэхэсхэр

# Тыркум и адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Къущхьэ Севим

КЪУЩХЬЭ Севим 1966 гъэм Тыркум хыхьэ Къайсэр кьалэм ямыбгъэщ. Илъэс зэхуэмыдэхэм абы Истамбыл дэт университетхэм инженер, экономист Iэщ1агъэхэр щызыригъэгъэтащ. ИтIанэ Америкэм кIуэри, инджылызыбзэр щиджащ Джонс Хопкинс и университетым. Тыркум игъэзэжри, зэман гуэркIэ инженеру, иужькIэ журналисту лэжьащ. Хуэмурэ литературэм дихьхьыу тхэн щIэзыдза Севим и ипэ романыр, «Узыншэу ущыт, Нисан» жыхуиIэр, 1996 гъэм литературэ зэпеуэм хэтри, абы етIуанэ увыпIэр къыщихьащ икIи 1997 гъэм тхылъ щыхьхуэу дунейм къытехьащ. Абы къыкIэлъыкIуащ тхакIуэм и цIэр зыгъэIуа адрей и Iэдакъэщ1экIэри.

Мы ди тхыгъэмкIэ дыхуейт Къущхьэ Севим и романхэр зытеухуам кIэщу щыгъуазэ фыщтIыну.

**«Узыншэу ущыт, Нисан»** романым и лъабжьэр лъагъунигъэщ. Адана кьалэм щыпсэу унагъуэ бей гуэрым я пхъур еджэну Истамбыл ягъэкIуащ. Хэт ищIэнт абы кьалэшхэм къыщыпэплъэр?! Пщащэм абы щызэрегъэцIыху ныбжь зиIэ тхакIуэ цIэрыIуэ гуэр икIи ар фIыуэ елъагъу, Ауэ тхакIуэр бынунагъэщ. Иджырей дунейм щытепщэр щхьэхуещагъэрауэ зэрыщытыр фIы дыдэу кьыгурыIуэми, кьызыхэкIа унагъуэм зыщIапIыкIа хабзэ-нэмысым куэдым ирегъэгупсыс хъыджкэбзыр, фIыуэ ильэгъуа цIыхухъуми и щхьэгъусэм и гум щыщIэр зэрегъэзакуэ. Абы и жагъуэ зэрищIыр езым игу щхьэжкэр, пщащэм зеуKIыж...

**«Пщыхьэщхьэ щхьуантIафэхэр»** романыкIэ тхакIуэм цIыхур сытым дежи зыгъэхъуэу пэжым щыщ зы Iыхьэ нэрылъагъу тщещI, кьэгъазэ зимиIэ зэманыр зы тэлайкIэ кьыззэтригъэувыIэ хуэдэу.

Романым и лIыхъужь нэхъыщхьитIыр я сабиигъуэ лъандэрэ зэныбжьэгъущ. Ахэр я Iэщ1агъэм нэхъ куууэ хэгъуэзэхукIэ езым я щхьэ Iуэхур лъэныкъуэ егъэзэхуэрэ я гъащIэр йокIуэкI. Зыр «дунейм щытепщэр Iэщ1эрауэ» кьызыщыхьудэзлIщ, адрейр «щы хъурейр зытезыIыгъэри зыгъэIурыщIэри мылъкурщ» жызыIэ хьэрычэтыщIэщ. Абыхэм я Iэщ1агъэм зыдрагъэхьэхуу лъагъуныгъэр лъэныкъуэгъэзэ ящIауэ аракъым, атIэ гурыщIэм и «хъым» иубыдыну хунэмысурэ я гъащIэр йокIуэкI, и кIэм ари ягъэунэху. КъищынэмыщIауэ, романым къыщыгъэлъэгъуащ Тыркум демократие щыгъэувыным теухуауэ екIуэкI бэнэныгъэр.

Мыбдежьм «Пщыхьэщхьэ щхьуантIафэхэр» романым теухуауэ Севимрэ тырку журналист Шебнем Атыпгъанрэ щызэпсалъэм жаIам щыщ пычыгъуэ фыщыдгъэгъуэзэныр тфIэигъуэщ.

- *Романым сыкъыщеджэм абы и цIэмрэ и гъэпсыкIэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэкIуэу егупсысащ. Езы фIэщыгъэр усэбзэм хуэмIуэу икIи фIым уиуигъаплъэу щытщ.*

- «Пщыхьэщхьэ щхьуантIафэхэр» фIэщыгъэм сэ къызэщIезгъэубыдэр махуэр къыщыхьэдэнэкIым кьыщыщIэдзауэ жэщым дыщыхьыхьэм нэс дэлъ зэман кIэщIырщ. А пIалъэм деж, цIыхум и Iэхъури кьырихьэлIауэ, жеймри хэмыхьауэ, псэм тынышыгъэ егъэуэри, щхьэантIафэ дахащэм зэщIещтэ. А щхьэантIафэм дэ зы щэху гуэр кьытпегъаплъэ, гъащIэм щIэщыгъуэ зэрыхэлъыр кьыдигчащIэ хуэдэщ. А зэманым махуэм хуэдэу псори наIуэу утыкум кьрилъхьэркъым, жэщым хуэдэу псори щIиуфэркъым. ИтIани, ар апхуэдизкIэ кIэщIщи, абы зыхэдгъэшыпсыхьыныр дыхунэсыркъым. Абы кьыхэкIкIэ сыт щыгъуи ар ди щIэщыгъуэу къонэ.

- *«Пщыхьэщхьэ щхьуантIафэхэр» блэкIа лъэхъэнэм и роман хуэдэщ. А блэкIа лъэхъэнэм унагъуитIрэ лъагъуныгъитIрэ кьыщыбогъэщI...*

- Хьэуэ, ар блэкIа лъэхъэнэкъым. БлэкIа лъэхъэнэ нэпцI жыпIэмэ, нэхъ хуэзэну кьыщIэкIынщ.

Сэ си романхэм хэт лIыхъужьхэм я нэхъыбэр нобэрей гъащIэм кьыхьизох. Ахэр гугъэ, гупсысэ, еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр яIэу гъащIэм хэтщ. Мы романым хэт лIыхъужьхэри - Шэрэфи Суleймани - гугъэ, гупсысэ, еплъыкIэ щхьэхуэхэр яIэу, ерыщагъ яхэлъу мэпсэу. Ауэ лъагъуныгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэмкIэ ахэр зэщхьэщ1окI. Сулейман и лъагъуныгъэр зыми пищыркъым. Ар хьэрычэтыщIэ Iэхуэм щIыхьыхьэр, кьулей хъуну щIыхуейр и лъагъуныгъэращ, ар зыхуищI бзылъхугъэр абыкIэ кьыдихьэхыну и гугъэу. Ар кьэхъулIэн папщIэ, цIыху иукIын хуей хъуми, кьикIуэтыркъым.

Шэрэф апхуэдэкъым. Щ1алэм лъагъуныгъэм зыкьыдигъэшыну, абы щхьэкIэ нэхъ лейуэ зыгъэр ищIэну хэткъым. Абы и гъащIэм щынэхъыщхьэр и псалъэм ныкъущхьэ Севим и щIыхь зэрыщIэкIыр. Ар ирагъэщIащ Севим и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъудзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

Севим и тхыльъхэр щащэ тыкуэным.

тетыжу, лIыгъэрэ хабзэрэ зыхэлъ дзэлI нэгъэсауэ псэуныращ. Сыт хуэдэ щытыкIэ ихуэми, абы пэжыгъэрщ кьыхихыр, хабзэм кьемыязгъи идэнукъым. Абы папщIэ фIыуэ ильэгъуа бзылъхугъэри Iэщ1ыб ещIыф.

- *Романым гужьеиГуэр зыхуэдэр кьыхэщу кьыс-щохъу. Псалъэм папщIэ, дзэлIым и псэр щитым кьыгуроIуэж Айшэ хуиIэ лъагъуныгъэм и гущIагъыр зыхуэдэр, а гурыщIэ IэфIыр хуиту и псэм зэрызыхримыгъэщIар щыуагъэшхуэу зэрыIэщ1экIар. А тезырыр епшыныж абы гупсэхугъуэ имыгъэту и гъащIэр зэрырихьэкIамкIэ.*

- Сыт дыщIэпсэум и щхьэусыгъэр? Ар Iэхъугъуэ куэд къызэщIэзэрыбгъэ упщIэшхуэщ. Дунейм тет дэтхэнэ зы лъэпкъми абы ирит жэуапыр зэхуэдэкъым. КъуэкIыпIэр кьапщтэмэ, тхъэгъуэр гъащIэм и купщIэ нэхъыщхьэу зэрыгъуэрыкъым. Абы нэхъ Iэхъу лъапIэ куэд щыIэщ. Сэ си романым хэт лIыхъужьмэ дуней тхъэгъуэм ипэ ирегъэщIн Iэхъугъуэ иIэщ. Уеблэмэ апхуэдэ гурыщIэр гъащIэм и купщIэ нэхъыщхьэу зыхуэгъбгъэувыжыныр фIэемыкIыщ, ар здэплъэр нэхъ жыжьэщ. Псалъэм папщIэ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iэхъушхуэкэр зэфIиигъэкIыу, гъащIэм лъэужьыфI кьыхинэну щIохъуэпс. Унагъуэ жьэгу, пщIантIэ дахэ, фIыуэ ильэгъуа щхьэгъусэ, сабий дыгъэлхэр... Апхуэдэ гъащIэр хурикъуфыжьм абы, арэзы кьищIыркъым. Шэрэф зыхэзатIэ гъащIэ-трагедиер куэдкIэ нэхъ лъагэщ цIыхубзцIыхухъу зэхущытыкIэм, бынунагъэм ират мыхьэнэм нэхърэ.

- *ЛIыхъужьхэм къещIэкIа Iэхуэгъуэ куэд къыщыбогъэлъагъуэу романым. Сэ, сызэреплъымкIэ, ар гугъуу къысщохъу, ауэ уэ фIы дыдэу къохъулIащ.*

- Дэтхэнэ зы цIыхури и закъуэу ящапщтэмэ, зищIысыщхуэ щыIэкъым. ЦIыхур къэзыгъэщIыжыр и блэкIамрэ зыхэт гъащIэмрэщ. Аращи, лIыхъужьыр нэхъ Iупщ1у къащIыхун папщIэ, я дуней тетыкIэр зыхуэдэр абыхэм кьегъэщIыIла цIыхухэмкIи Iэхъугъуэзэкмки къызогъэлъагъуэ.

- *Шэрэф и адэм цирк игъэлажьэу къыщIыхэтхам сыт и щхьэусыгъэр? Апхуэдэу романым ущрохьэлIэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къьхэкIахэми.*

- Си сызэрыцIыкIуэрэ цирк фIыуэ солъагъу. Абы и лэжьакIуэхэм ящIэр сфIэгъэщIагъэуэн къудейкъым, атIэ икIи икъукIэ Iуэху гугъуу къысщохъу, пщIэшхуи яхуэзощ. Романым хэт лIыхъужьхэм ящыщу цирк зиIэ Хьэпим-ефэндым и къуэрылъху Шэрэф жреIэ: «Гъагъуэри щIыхэзгъэхьар.

- *И блэкIам еныкъуэкIу щIалэм нэхъапэкIэ къэхъуакъэщIа псори зыщигъэгъупщэну хэтщ. ГъащIэщIэ бухуэн папщIэ блэкIар зыщигъэгъупщэн хуейуэ къэплъытэу ара?*

- Хьэуэ, ар цIыхум и гъащIэр зэрригъэпсыну езым къыхихыжьи гъэгугъэм ящыщ зыуэ аращ. ЦIыхум и блэкIар цIыфуэрэ гъащIэщIэ зэриухуэфыным хуэдэу, а блэкIар и тегъэщIапIэу хъарзынэу псэуфынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ сэ Уайлд Оскар и псалъэ Iущхэр, «БлэкIам сытым дежи зыкъигъэщIэну хэтщ» жыхуиIар, дызощтэ. Романым и гугъу пщIымэ, унагъуэм и иужьрей щIэблэр щыт къуэрылъхум блэкIа гъащIэм къыхуигъэна ныбжь хьэлъэр зытридзыну хэту аращ. Абы папщIэ и гъащIэр егъэлея хэмыльу, кьызэрыгъэкIыу ирихьэкIыну хущIокъу.

«**Жьыбгъэмэ къызыпих шухэр**» романыр адыгэ лъэпкъым ди тхыдэм и зы напэкIуэцIщ. Абы кьыщыбощIэ тхакIуэр Къущхьэхэ зэрапхъур, абы и адэр Решатщ, и адэшхуэр Гъэзерщ. Тхылъым и ипэ напэкIуэцIым тетхащ: *«Си дадэ Гъэзер (1881 - 1973 гъгъ.), си адэ Решат, си анэ Хъэдиджэ гуащэ папщIэ».*

«Си адэшхуэр дунейм ехыжьыным и пэ къызжиIэгъат мыпхуэдэу: «Ди унагъуэм и нэгум щIэкIауэ пхуэсIуэта хьыбарыр уэри уи бынхэм яжеIэ! Армырамэ, ди тхыдэр кIуэдынущ». Сэ бын сиIэтэкъыми, стхьжьи хуей хъуащ хьыбарыр, дуней къытенэн папщIэ», - жиIащ романым лъабжьэ хуэхъуам теухуауэ Къущхьэ Севим.

1864 гъэм и гъатхэм я хэкур ямыбгынэу мыхъуу щытыкIэ гугъу иува зы унагъуэм и тхыдэу жьIэ хъунущ «Жьыбгъэмэкъуэзыпихьэхэр» романыр. ЗрыслIащым и кIуэм Къущхьэхэ ящхъу дахащэр игу ирохь, арщхьэкIэ, сыт имыщIэми, пщащэм и гур кьыхьэхуфыркъым. Ар щхьэкIуэ щохъу щIалэмэи, абыкIэ кьыанэшу кьиIыпIэ хъыджэсым и дэлъху нэхъыщIэр гъуанэдэуэу еукI. Унагъуэм я лIыкIуэхэр пщым дежкIэ макIуэри жраIэ я къуэр эныкIам хуэфащэ тезыр хабзэм тегу тралъхьэну. Ауэ пщыр и кьуэм кьыщхьэщохри, хеящIэм и пащхьэ иримыгъэхьэу, лIыы уасэр езым дыщэкIэ ипшыныну кьажреIэ.

Къущхьэхэ я унагъуэм и гуащэ Сэтэней абыкIэ арэзыкъым, и къуэхэр зэхуешэсри, я къуэшым ипэ щIэжьыну кьыхуреджэ. Армырамэ, бэлыхьышхуэм хэт Къэбэрдейм и Iуэхур абы нэхъри зэIеГэхьэ. УнагъуитIым яку кьыдыхьа лъыщIэжьым щIегъэхуабжьэ урысыдзэм а щIыпIэр кьиизуныр. Абы хэту унагъуэр хэкум имыIэпэхъуКIынкIэ Iэмал имыIэу мэхъу. Хамэ хэку кьыщыхута щIыпIэхэ я унагъуэм я щхьэ кьырикIуар зыхуэдэр адэкIэ тхакIуэм зэхэхауэ къеГэлъагъуэ. Романыр зи Iэдакъэщ1экIым къиГэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъ уардэм и щытыкIэр, псоуIэр, абы кьыдекIуэкI щэнхабзэр, хабзэр. Пэжщ, тхакIуэр езыр адыгэ щIынальэм щеКIуэкI щ1ыкIэ-псоуIкIэм зэрыхэмытам кьыхэкIыу, абы и хабзэм темыхуэ гурэхэми романым ущрихьэлIэ кьохъу. Ауэ ари зэран хэхъуакъым абы кьалэн зыщIищIыжар кьехъулIэным.

Си щхьэкIэ кьызолъытэ а романыр адыгэбзэкIэ зэдзэкIын хуейуэ.

**ХЪУАЖЬ Фахьри.**

● Хъуэхъу

*Краснодар крайм хыхьэ тенджызэ ФIыцIэ Iуфэм щыIэ Щхьэхуит къуажэм щыпсэу Тlэш Мурдин Шухьэибэ и къуэм илъэс 85-рэ ныбжьыр егъэлъапIэри, дохьуэхъу*

Зи пщIэр лъагэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ нэхъыжьыфI, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и зэфIэувэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, абы и ипэ тхьэмадэу щыта, Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, «Шапсыгъ» газетым и къызэгъэпэщакIуэ, Абхъазым и «ПщIэмрэ ЩIыхьыжьмрэ» орденыр, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр зыхуагъэфэща, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр зезыхь, гъузэганэ купщIафIэ къэзыкIуа, пшынэр зыгъэбзэрабзэ, уэрэдыжьхэр удихьэхыу зыгъэзащIэ, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм щIыхь зиIэ и тхьэмадэ, зи гумрэ зи псэмрэ зэIуахуэ чэнджэщэгъу, ущиякIуэ Iумахуэ Мурдин уи мазхуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. Уи узыншагъэр быдзу, уи гукъыдэжьыр тенджызу, укъэзыхуэрееихьэкр къыбдэгушхуэну, гуфIэгъуэр уи жьэгу имыкIыу, уи бынхэмрэ абыхэм къатепщIыкIыжахэмрэ я ехъулIэныгъэм, насыпым уи лъэр нэхъри жан ищIрэ жьыгъэр къыпщIэмыихьэу илъэсищэ ныбжьыр блэдзэгъэлъапIэмэ, ди гуапэщи, куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

*Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я лэжьакIуэхэр.*

# Зауэм теухуа сурэтхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**Налшык Щэнхабзэмкlэ и фондым щ1ыхь зиlэ и сурэтыщ1, республикэм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща, Хэку зауэшхуэм хэта Семыкъуэ Тобий (Анатолэ) и лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ Текlуэныгъэ Иныр къызэрахьэ илъэс 70, Сындыку Тобий къызэралъхуэр илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу.**

ЯГЪЭПЪАГЪУЭ лэжьыгъэхэм ящыщу нэхъыбэу нэм къыIуедзэ Хэку зауэшхуэм теухуахэр, сэлэтхэмрэ шыхэмрэ къызэрыщхэр. ЦIыхум и гугъуехьыр дзэзыгъэша шыхэм я фэеплъ къытхуигъэнащ сурэтыщIым.

Мексикэм щыщIыам илъэгъуахэм ятеухуауэ ищIа сурэтхэри гъэщIэгъуэнщ, ар икIи гурыIуэгъуэщ. Зэрыжаlэмкlэ, Тобий фIыуэ илъагъуу щытащ а къэралыр.

Псом хуэмыдэжу гум нэхъ пэгъунэгъущ, хуабагъ къапкърокI нарт Iуэрыlуатэр зи лъабжьэ и лIыжьыгъэхэм. Лъэпкъ фащэхэр ящыгъуу абыхэм кьарыщ лIыхъужь уардэхэм уеплъыну гухэхъуэщ. Блэкlар къэзыIуэтэж мы лэжьыгъэхэр удэзыхьэхщ, плъыфабэщ.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** зэIущIэр къызэIуиха нэужь, Сындыкум и лэжьыгъэхэр зыхъумэ, абы и щхьэгъусэ, КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм жэуап зыхь и секретарь **Нелли** зэхуэсахэр хигъэтуэзащ Тобий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ:

- Сындыку Тобий (1925 - 1989 гъгъ.) Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Москва и художественнэ школым, Репин Илья и цIэр зэрихьэу Ленинград Художествэхэмкlэ и академием щеджащ. Ар 1942 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм хэтащ, Прибалтикэм, Украинэм, нэгъуэщI щыIэхэм зэрыщIэ. Зэрихьа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ Тобий дамыгъэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ. Абы и лэжьыгъэхэм ящыщ куэдыр триухуащ граждан зауэм, революцэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьам, зи курыкупсэм хэта Хэку зауэшхуэм, и лъэпкъыр зыхэхуа нэгъэщI гуэвэгъуэхэм, Кавказым и тхьдэм, и нобэм, и пьаэм щыпсэу цIыхухэм. И лэжьыгъэхэр мызэ-мытIэу хагъэхьащ республикэ, урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм. И щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зыбжанэрэ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэригъэпэщащ. И сурэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм и къалэхэм, хамэ къэралхэм щахъумэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыхигъэщащ Тобий зэчиишхуэ иIэу, сурэтыщI Iэзэу зэрыщытар, абы къыщIэна лэжьыгъэхэр республикэм и хъугъэфIыгъуэхэм зэращыщыр. Къумахуэм Сындыку Нелли фIыщIэ хуищIащ и щхьэгъусэм и фэеплъыр, и лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрихъумэм папщIэ.

Сындыку Тобий ныбжьэгъуфIу, зи Iэщ1агъэм хуэIэижь художникыуэ зэрыщытар, КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэр Ваннах Михаилрэ Крымшащмхалов Хьэмэзэтэ я гъусэу къызэрызэригъэпэщащ къыхагъэщу зэхьхьэм къыщыпсэльащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, КъБР-м и Ветеранхэм я советым и унафэщI **Шыхьэбахьуэ Мухьэмэд**, КъБР-м Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу щыIэ **Зумакулов Борис**, скульптор **Тхьэкlумашэ Михаил**, нэгъуэщIхэри.

Сындыкуэз Тобийрэ Неллирэ я Iыхьлыхьэм фIыщIэ хуащIащ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы и фэеплъыр, къыщIэна лэжьыгъэхэр и гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуауэ, лъапIэныгъэу къилъытэу зыхъумэ и щхьэгъусэ Неллирэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *триХащ.*

# Библиотекэхэм я бжэхэр фхузэIуах

**Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм мэлыжьыхьым и 24-м сыхьэт 19.00-м щыщIэдзауэ 23.00 пщIондэ щекIуэкIынущ «Библиожэщ-2015» урысейпсо Iуэхур.**

БИБЛИОТЕКЭМ и щIыхьэпIэм деж макъамэ гуакIуэкIэ хьэщIэхэр щригъэблэгъэнщ. Налшык кьалэм щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ и паркым и зэгухьэныгъэм и эстрадно-духовой оркестрым. Библиотекэм кьащыпоплъэ усакIуэхэу Беппаев МутIалипрэ Къаныкъуэ Заринэрэ, музыкант ныбжьыщIэхэр, Сапрыкинэ Галинэ зи унафэщI ЩIалэгъуалэ театрыр (Нарткъалэ). «Неолит» литературэ клубым щыщ ныбжьыщIэхэр, «Шэху уэздыгъэ» литературнэ студием и гъэсэнхэр зауэм теуха я тхыгъэхэм, библиотекэм и лэжьакIуэхэр фронтым кьратхыкIауэ щыта письмохэм кьеджэнущ. Иджыблагъэ кьыдэкIа тхыльхэр ягъэлъэгъуэнущ, ахэр кьэзыщэхуну гупыж зыщIхэми нэхъ пуду иращэнущ. КъБР-м Тхыльхэр фIыуэ зыльагъухэм я зэгухьэныгъэм и мурадщ жьы хъуа тхыльхэр кьрихьэлIахэм яхуигъэшыну.

Iуэхур кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и кьэрал комитетым, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, Налшык кьалэ администрацэм, КъБР-м Тхыльхэр фIыуэ зыльагъухэм я зэгухьэныгъэм, «Буква» журналым и редакцэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьалэн куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ Iуэхуищ1апIэм.

*КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и кьэрал комитетым и пресс-Iуэхуищ1апIэ.*

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым и 25-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIэщэмыщI Иэз.

КъудзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуищ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIыныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуищ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыныгъэм хъунэмыкIэ къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуищ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльэ, редактору Жьэкlэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (1, 4-нэ нап.), Мырзэкъан ФатIимэ (2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанпэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №668